# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı
*(2020- jıl yanvar-sentyabr)*




Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında respublika kárxanaları tárepinen 9660,0 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2019- jıldıń yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 102,5 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 86,0 % ti quradı.

## *Áhmiyetli ekanomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw*

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıqalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 2,3 % ke hámde elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı kondiciyalaw – 52,0 % ke ósiwine xızmet etti.

Sonday-aq, suw menen táminlew, kanalizaciya dizimi, shıǵındılardı utilizaciya qılıwda – 55,8 % ke hámde taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew sanaatıda – 25,0 % ke páseyiwi baqlandı.

***Sanaat islep shıǵarıw fizikalıqalıq kólemi indeksi** *islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykeslengen dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.*

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew




Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2020- jıldıń yanvar-sentyabr ayla-rında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 81,6 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,8 % tin quradı.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda hák tas qazıp alıw – 30,3 % ke ósken bolsa, tábiyiy qum– 24,3 % ke, gaz kondensatı 9,1 % ke , sheben – 14,2 % ke hámde tábiyiy gaz qazıp alıw 8,7 % ke páseygen.



| Sanaat ónimleri | 2019- jıl yanvar-sentyabr | 2020- jıl yanvar-sentyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Hák tas ,** *mıń t.* | 142,8 | 186,1 | 43,3 |
| **Tabiyiy qum,** *mıń* **t.** | 521,2 | 394,7 | -126,5 |
| **Tabiyiy gaz,** *mln. kub.m.* | 2228,1 | 2033,9 | -194,2 |
| **Gaz kondensatı,** *mıń t.* | 90,9 | 82,7 | -8,2 |
| **Sheben,** *mıń t.* | 275,8 | 236,6 | -39,2 |
| **Qattı háldagı duz hám taza natriy xlorid,** *mıń t.* | 99,2 | 56,9 | -42,3 |

## Islep shıǵaratuǵın sanaat

2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında islep shıǵarılǵan sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 8307,3 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 86,0 % tin quradı.




## Islep shıǵarıwdıń texnologiylıq quramı boyınsha islep shıǵaratuǵın sanaat quramı, *% te*

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,8 % ti (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarında - 1,8 %), orta-joqarı texnologiyalı – 63,9 % (68,7 %), orta-pás texnologiyalı 5,1 % (4,6 %) hám pás texnologiyalısı – 30,2 % (24,9 %) ti quradı.

**2019-** jıl
**yanvar- sentyabr,** *% te*




**2020-** jıl
**yanvar- sentyabr,** *% te*




**joqarı texnologiyalı**
**pás texnologiyalı**
**orta-pás texnologiyalı**
**orta- joqarı texnologiyalı**

Jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleri quramı ximiya ónimleri, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 54,9 % (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi – 113,3 %), azıq-awqat, ishimlikler hám temeki ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 13,9 % (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 94,8 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 10,6 % (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 123,2 %) ti, basqa nometall mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 3,6 % (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 103,1 %) ti quradı.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayrım túrdegi ónimlerdıń ósim páti




2020- jıldıń yanvar-sentyabr ayları dawamında islep shıǵaratuǵın sanaatta 215,1 mıń tonna Portland-cement (2019- jıldıń yanvar-sentyabr aylarına salıstır-ǵanda 76,7 % ke ósken), 4,6 mıń tonna tazalanǵan gúrish (58,5 %) 69,9 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (21,0 %) hámde 8,0 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (7,1 %) joqarı ósim páti gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayrım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2019- jıl yanvar-sentyabr | 2020- jıl yanvar-sentyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Paxta talası,** *mıń t.* | 25,9 | 30,1 | 4,2 |
| **Araq,** *mıń litr 100 % li spirt* | 2956,7 | 2303,2 | -653,5 |
| **Paxtadan iydirilgen jip,** *t.* | 5931 | 7303 | 1372 |
| **Polietilen,** *mıń t.* | 276,1 | 264,0 | -12,1 |
| **Polipropilen,** *mıń t.* | 72,6 | 73,5 | 0,9 |

## Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı kondiciyalaw




Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı kondiciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 1217,6 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 12,6 % tin) quradı.

2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen táminlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 52,0 % ke óskenligi gúzetildi.

## Elektr, gaz, puw menen táminlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2019- jıl yanvar-sentyabr | 2020- jıl yanvar-sentyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Elektroenergiya,** *mln. kVt/s* | 2552,8 | 3129,0 | 576,2 |
| **Issılıq energiyası,** *mıń gkal* | 30,5 | 21,4 | -9,1 |
| **Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mln. sum* | 47565,8 | 51676,0 | 4110,2 |

## Suw menen táminlew, kanalizaciya dizimi, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw.

Suw menen táminlew, kanalizaciya dizimi, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 53,5 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,6 % tin) quradı.




## Suw menen táminlew, kanalizaciya sisteması,shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2019- jıl yanvar-sentyabr | 2020- jıl yanvar-sentyabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler,** *mln. sum* | 3972,9 | 4606,9 | 634,0 |
| **Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler,** *mln. sum* | 8385,5 | 8615,2 | 229,7 |
| **Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mln. sum* | 28379,1 | 31468,6 | 3089,5 |

Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler – 16,0 % ke, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler – 10,9 % ke suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler – 2,7 % ke óskenligi gúzetildi.

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 1747,9 mlrd. sumdı quradı hám 2019- jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda 4,5 % ke ósken halda, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 18,1 % ti quradı.




2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw quramında azıq-awqat ónim-leriniń úlesi 62,5 % ten 62,7 % ke shekem óskenligi baqlandı.

Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw quramında vino hám araq ónimleri hám pivo 5,3 % (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarında 6,7 %) ti quradı.

Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 20,4 % ti, sonday-aq, Xojeli rayonı 8,5 % ti, Tórtkúl rayonı 8,2 % ti, Beruniy hám Ellikqala rayonları 7,6 % ti, Qońırat rayonı 7,0 % ti Qanlıkól 6,4 % ti hámde Taqiyatas 6,3 % ti quradı.

Sonday-aq, tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (103,2 %) darejesinen joqarı kórsetkish Bozataw (202,8 %), Shomanay (126,2 %), Qanlıkól (124,2 %), Moynaq (116,8 %), Taxtakópir (114,1 %), Taqiyatas (111,7 %) hámde Shımbay (109,9 %) rayonları quradı.

## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti
*(2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında)*

| | Mlrd. sum | Jámine salıstırǵanda úlesi, *% te* | 2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıs-tırǵanda, *% te* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1747,9** | **100** | **104,5** |
| **Ámiwdárya** | 90,0 | 5,1 | 102,2 |
| **Beruniy** | 132,2 | 7,6 | 101,4 |
| **Bozataw** | 13,8 | 0,8 | 214,4 |
| **Qanlıkól** | 112,3 | 6,4 | 120,2 |
| **Qaraózek** | 31,7 | 1,8 | 100,0 |
| **Kegeyli** | 40,1 | 2,3 | 100,1 |
| **Qońırat** | 122,4 | 7,0 | 102,4 |
| **Moynaq** | 41,9 | 2,4 | 114,3 |
| **Nókis** | 40,9 | 2,3 | 119,2 |
| **Taqıyatas** | 110,4 | 6,3 | 131,2 |
| **Taxtakópir** | 89,0 | 5,1 | 119,1 |
| **Tórtkúl** | 143,5 | 8,2 | 100,6 |
| **Xojeli** | 148,3 | 8,5 | 102,0 |
| **Shımbay** | 95,8 | 5,5 | 111,4 |
| **Shomanay** | 46,5 | 2,7 | 118,5 |
| **Ellikqala** | 133,0 | 7,6 | 101,2 |
| **Nókis qalası** | 356,1 | 20,4 | 91,7 |

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalasına tuwrı kelip 20,1 %, sonday-aq, Tórtkúl rayonı 9,6 % ti, Qanlıkól hám Taqıyatas rayonları 8,0 % ti, Taxtakópir hámde Xojeli rayonları 6,9 % ti quradı.

Sonday-aq, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim pátinde eń joqarı kórsetkish Bozataw (276,4 %), Taqıyatas ( 193,8 %), Moynaq (143,9 %), Taxtakópir (142,7%), Qanlıkól (132,7 %), Ellikqala (128,4 %) hám Shımbay (113,6 %) rayonları quradı.

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti
*(2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında)*

| | Mlrd. sum | Jámine salıstırǵanda úlesi , *% te* | 2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıs-tırǵanda, *% te* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1096,5** | **100** | **104,9** |
| **Ámiwdárya** | 56,5 | 5,1 | 101,4 |
| **Beruniy** | 66,7 | 6,1 | 89,2 |
| **Bozataw** | 11,0 | 1,0 | 276,4 |
| **Qanlikól** | 87,3 | 8,0 | 132,7 |
| **Qaraózek** | 16,0 | 1,5 | 101,4 |
| **Kegeyli** | 23,5 | 2,1 | 89,4 |
| **Qońırat** | 56,6 | 5,2 | 85,2 |
| **Moynaq** | 32,0 | 2,9 | 143,9 |
| **Nókis** | 23,7 | 2,2 | 110,7 |
| **Taqıyatas** | 87,4 | 8,0 | 193,8 |
| **Taxtakópir** | 75,8 | 6,9 | 142,7 |
| **Tórtkúl** | 105,5 | 9,6 | 107,3 |
| **Xojeli** | 75,4 | 6,9 | 83,9 |
| **Shımbay** | 70,3 | 6,4 | 113,6 |
| **Shomanay** | 19,7 | 1,8 | 97,8 |
| **Ellikqala** | 68,5 | 6,2 | 128,4 |
| **Nókis qalası** | | | |

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵardıń respublikaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 20,8 %, sondayaq, Xojeli rayonı 11,2 % ti, Beruniy hám Qońırat rayonları 10,1 % ti, Ellikqala rayonı 9,9 % ti quradı. Sondayaq, azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵardıń ósim pátinde respublika ósim páti (103,8 %) dárejesinen joqarı kórsetkish Shomanay rayonında (140,2 %), Nókis rayonında (133,2 %) , Xojeli rayonında (131,3 %) hámde Qońırat rayonı (123,8 %), quradı.

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti
*(2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında)*

| | Mlrd. sum | Jámine salıstırǵanda úlesi, *% te* | 2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda, *% te* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **651,4** | **100** | **103,8** |
| **Ámiwdárya** | 33,5 | 5,2 | 103,6 |
| **Beruniy** | 65,5 | 10,1 | 117,6 |
| **Bozataw** | 2,8 | 0,4 | 112,7 |
| **Qanlıkól** | 25,0 | 3,8 | 90,5 |
| **Qaraózek** | 15,7 | 2,4 | 98,6 |
| **Kegeyli** | 16,6 | 2,6 | 120,5 |
| **Qońırat** | 65,8 | 10,1 | 123,8 |
| **Moynaq** | 9,9 | 1,5 | 68,7 |
| **Nókis** | 17,2 | 2,6 | 133,2 |
| **Taqıyatas** | 23,0 | 3,5 | 58,8 |
| **Taxtakópir** | 13,2 | 2,0 | 61,1 |
| **Tórtkúl** | 38,0 | 5,9 | 85,6 |
| **Xojeli** | 72,9 | 11,2 | 131,3 |
| **Shımbay** | 25,5 | 3,9 | 105,9 |
| **Shomanay** | 26,8 | 4,1 | 140,2 |
| **Ellikqala** | 64,5 | 9,9 | 82,6 |
| **Nókis qalası** | 135,5 | 20,8 | 115,4 |

## Shet el investiciyaları qatnasındaǵı kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Esabat dáwirinde shet el investiciyaları qatnasındaǵı kárxanalar tárepinen 5410,9 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarıldı.

Shet el investiciyaları qatnasındaǵı kárxanalardıń ulıwma sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı úlesi 56,0 % ti quradı.

# Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

| | 2020- jıl yanvar-sentyabr *mlrd. sum* | Fizikalıq kólem indeksi, *% te* |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **9660,0** | **102,5** |
| **Ámiwdárya** | 259,2 | 101,2 |
| **Beruniy** | 179,6 | 101,2 |
| **Bozataw** | 66,8 | 104,3 |
| **Qanlıkól** | 229,1 | 102,2 |
| **Qaraózek** | 176,4 | 104,5 |
| **Kegeyli** | 209,8 | 116,2 |
| **Qońırat** | 462,7 | 104,2 |
| **Moynaq** | 81,1 | 117,5 |
| **Nókis** | 211,2 | 101,3 |
| **Taqıyatas** | 1138,3 | 130,5 |
| **Taxtakópir** | 138,7 | 115,5 |
| **Tórtkúl** | 240,3 | 106,5 |
| **Xojeli** | 325,7 | 107,5 |
| **Shımbay** | 140,1 | 106,4 |
| **Shomanay** | 102,4 | 122,7 |
| **Ellikqala** | 198,6 | 107,0 |
| **Nókis qalası** | 5500,0 | 98,4 |

## Qaraqalpaqstan Respublikası islep shıǵarıw kólemindegi qala hám rayonlar sanaat ónimleriniń úlesi, *% te*




Respublika sanaat islep shıǵarıw kólemi quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarıw kóleminiń (56,9 %), Taqıyatas (11,8 %) hámde Qońırat (4,8 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

Eń pás kórsetkish bolsa Bozataw (0,7 %), Moynaq (0,8 %) hámde Shomanay (1,1 %) rayonlarına tuwrı kelmekte.

Qala hám rayonlardıń islep shıǵarıw kóleminiń asıwǵa qaratılǵan is-ilajlar nátiyjesinde, Taqıyatas (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda 130,5 %), Shomanay 122,7 %), Moynaq (117,5 %), Kegeyli (116,2 %) hámde Taxtakópir 115,5 %) rayonlarında kólemleri fizikalıq kólem indeksiniń sezilerli dárejede ósiwine imkan berdi.



## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı ósim páti
*(2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında)*




Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw Bozataw (2019- jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda 214,4 %), Taqıyatas (131,2 %), Qanlıkól (120,2 %), Nukus (119,2 %), Taxtakópir (119,1 %), Shomanay (118,5 %), Moynaq (114,3 %), Shımbay (111,4 %) rayonlarında sezilerli dárajege kóbeydi.

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (17123,3 mıń sum), Taqıyatas (15362,4 mıń sum) rayonlarında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (5065,0 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 916,5 mıń sum bolǵanda Nókis qalasında – 1108,6 mıń sumdı, Taxtako'pir rayonında – 2197,1 mıń sumdı, Qonlıko'l rayonında – 2193,2 mıń sumdı, Taqıyatas rayonında – 1489,6 mıń sumdı, Moynaq rayonında – 1308,7 mıń sumdı, Xojeli rayonında – 1203,9 mıń sumdı quradı.

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimleri hám tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw
*(2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında, mıń sum)*

| | Sanaat ónimleri | Tutınıw ónimleri |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **5065,0** | **916,5** |
| **Ámiwdárya** | 1296,9 | 450,0 |
| **Beruniy** | 933,1 | 687,0 |
| **Bozataw** | 3090,0 | 636,9 |
| **Qanlıkól** | 4473,4 | 2192,7 |
| **Qaraózek** | 3331,8 | 598,5 |
| **Kegeyli** | 2885,2 | 551,0 |
| **Qońırat** | 3544,7 | 937,8 |
| **Moynaq** | 2534,0 | 1309,1 |
| **Nókis** | 4180,9 | 809,2 |
| **Taqıyatas** | 15363,6 | 1489,7 |
| **Taxtakópir** | 3426,2 | 2198,4 |
| **Tórtkúl** | 1115,9 | 666,5 |
| **Xojeli** | 2643,2 | 1203,7 |
| **Shımbay** | 1244,0 | 851,1 |
| **Shomanay** | 1812,6 | 824,1 |
| **Ellikqala** | 1242,0 | 831,6 |
| **Nókis qalası** | 17123,9 | 1108,7 |

## Sanaat ónimlerin islep shıǵarıwda kishi biznestiń úlesi

*(2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında, % te)*

Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 1974,4 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 20,4 % ti quradı.




Qala hám rayonlar kesiminde kishi biznestiń sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdaǵı eń joqarı úlesi Moynaq, Shomanay hám rayonlarında (jámi sanaat ónimleri islep shıǵarıwdaǵı úlesi 100 %), Ellikqala rayonında (99,9 %) Beruniy rayonında (83,8 %), Tórtkúl rayonında (62,5 %), Shımbay rayonında (59,3 %) gúzetildi.

Respublikamız qala hám rayonlar kesiminde sanaat ónimlerin islep shıǵarıw kóleminde kishi biznes subyektleriniń úles analizi sonı kórsetpekte, Nókis qalası (8,0 %), Taqıyatas (11,4 %), Qanlıkól(14,9 %), Bozataw (22,6 %) hám Kegeyli (22,8 %) rayonlarında sanaat islep shıǵarıw kólemindegi kishi biznes subyektleri úlesiniń kemligin, bul aymaqlarda jaylasqan iri sanaat kárxanalarınıń islep shıǵarıw kólemleri joqarı ekenligi menen dálillew múmkin.

## Qaraqalpaqstan Respublikasında hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 2683 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, sonnan 1079 (hárekettegi kárxanalar ulıwma sanınıń 41,0 %) Nókis qalasına 543 (20,2 %), Tórtkúl rayonına 299 (11,2), Beruniy rayonına 258 (9,6 %) tuwrı kelmekte.




2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında respublikada 541 jańa sanaat kárxanaları ashılıp, solardan 250 (jámi jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları kólemindegi úlesi 46,2 %) Nókis qalasına 82 (15,1 %), Ellikqala rayonına 61 (11,3 %), Tórtkúl rayonına 59 (10,9 %) hámde 48 (8,9 %) Beruniy rayonına tuwrı keledi.

## Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı.

Respublikadaǵı sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń joqarı ósim pátine erisiwde tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıw jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwıda óz tásirin kórsetti. Usı dástúr sheńberine kiritilgen 25 joybar boyınsha 81,6 mlrd. sumlıq ónimler islep shıǵarıldı. Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde islep shıǵarılǵan ónimler 707,3 mıń AQSh dollari muǵdarında eksport qılındı.

Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde 2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında 322 jańa jumıs orınları jaratıldı. ótken jıldıń sáykes dáwirne salıstırǵanda jańa jaratılǵan jumıs orınları sanı 2,6 esege óskenligi gúzetildi.

quradı. Sonıń benen birge, 2019- jıl yanvar-sentyabr oylarıina salıstırǵanda jergiliklestirilgen ónimler eksportı kóleminiń páseygenligi gúzetildi.

## Tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúriniń *áhmiyetli* kórsetkishleri

| | 2019- jıl yanvar-sentyabr | 2020- jıl yanvar-sentyabr |
|---|---|---|
| Joybarlar sanı, *birlik* | 10 | 25 |
| Kárxanalar sanı, *birlik* | 8 | 21 |
| Islep shıǵarıw kólemi *mlrd. sum* | 3130,4 | 81,6 |
| Eksport qılınǵan jergiliklestirilgen ónim kólemi, *mln. AQSh dolları* | 253,8 | 0,7 |
| Jańadan jaratılǵan jumıs orınları, *birlik* | 125 | 322 |

**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması sanaat statistikaskası bólimi** *Tel.: (61) 224-92-08*